



Pou Piblikasyon Imedya: 05/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO ETID EVAKYASYON KONT SIKLÒN POU AMELYORE EFÒ PLANIFIKASYON SEKIRITE PIBLIK YO POU ENPAK TANPÈT TROPIKAL KATASTWOFIK YO**

*Etid ki finanse pa Pwogram Siklonik Nasyonal la pou konsantre sou zòn ki gen plis risk pou enpak tanpèt twopikal yo, enkli Vil New York, Long Island, ak rejyon sid Mid-Hudson yo*

*Inisyativ la gen ladann patnè enpòtan tankou Ajans Federal pou Jesyon Ijans, Kò Enjenyeri Lane Etazini an, Sant Siklonik Nasyonal, ak ajans jesyon ijans lokal yo*

*Dènye etid sou evakyasyon kont siklòn nan Eta New York te fèt an 2009, anvan tanpèt twopikal devastatè yo, ki enkli Sandy, Irene, Lee ak Ida; pral analize tou planifikasyon pou lòt danje tankou inondasyon ak tònad*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon nouvo Etid Evakyasyon kont Siklòn (Hurricane Evacuation Study, HES) ki pral amelyore efò planifikasyon sekirite piblik pou Vil New York, Long Island, ak rejyon sid Mid-Hudson yo ki gen tandans sibi enpak tanpèt twopikal katastwofik yo. Etid la pral fèt pa Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans Eta New York (New York State Division of Homeland Security and Emergency Services, NYS DHSES) an patenarya ak Ajans Federal pou Jesyon Ijans (Federal Emergency Management Agency, FEMA), Kò Enjenyeri Lane Etazini an (U.S. Army Corps of Engineers, USACE), Sant Siklonik Nasyonal (National Hurricane Center, NHC), ak ajans lokal pou jesyon ijans yo, nan Vil New York, konte Nassau ak konte Suffolk nan Long Island, ak Konte Westchester. Y ap itilize HES ki ajou Eta a pou amelyore planifikasyon pou repons pou yon tanpèt twopikal katastwofik, ki gen ladan danje potansyèl ki asosye ak tanpèt twopikal tankou inondasyon, tònad, elatriye, resousabri ak pwoblèm transpò, ansanm ak lòt faktè demografik ak sosyo-ekonomik. Sa a se premye Etid Evakyasyon kont Siklòn nan tout eta a ki fèt depi 2009.

"Nouyòkè yo konnen twò byen konsekans tanpèt twopikal ak siklòn yo ka pote sou kominote bò litoral ak kominote alenteryè nou yo otou Mid-Hudson lan rive nan pwent lès Long Island, ak toupatou nan mitan yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pworiye nimewo en mwen an se kenbe Nouyòkè yo an sekirite, epi nou pral travay ansanm ak patnè federal nou yo ak gouvènman lokal yo pou asire kominote nou yo ak manadjè

ijans yo gen konesans, resous ak zouti ki nesesè pou prepare yo pou pwochen tanpèt yo."

Nan kòmansman semèn sa a, Gouvènè Hochul ak Sant Siklonik Nasyonal la te anonse [Semèn Preparasyon kont Siklòn](#) nan Eta New York, ki dewoule soti 30 avril jiska 6 me. Kanpay anyèl la raple Nouyòkè yo pou yo revize plan pèsònèl preparasyon pou ijans yo epi aprann plis sou tanpèt twopikal yo ak enpak yo avan sezon siklonik Atlantik la.

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la, Jackie Bray, te deklare,** "Siklòn ak tanpèt twopikal yo se evènman pwisan ki lakòz inondasyon nan litoral yo ak alenteryè tè yo ak van ki danjerezman gwo ki twò souvan lakòz pèt lavi ak destriksyon enfrastrikti enpòtan, blakawout toupatou, ak entèripsyon nan kominote yo. Pandan kèk ane k ap vini yo, nou pral travay men nan men ak manadjè ijans lokal ou yo pou mete ajou wout evakyasyon ak plan ki ede kenbe ou an sekirite nan ka ta gen yon tanpèt twopikal danjere."

Pwogram Siklonik Nasyonal la, ki gen ladan FEMA, USACE ak NHC, pral bay finansman pou Etid Evakyasyon kont Siklòn lan. Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management, OEM) DHSES la fèk kòmanse de premye faz etid la - analiz sou danje ak vilnerabilite - ak tout patnè federal ak lokal ki enpòtan nan gouvènman an. Faz etid sa yo ta dwe fini otòn pwochen.

**Administratè Rejyon 2 FEMA a, David Warrington, te deklare** "FEMA rekonèt jan li enpòtan pou mete ajou Etid Evakyasyon kont Siklòn lan nan tout eta a. Nou kontan jwe yon wòl nan sipòte administratè ijans lokal ak eta yo pran desizyon enfòmè pou kominote pa yo. Nou pral kontinye sipòte efò preparasyon pa yo pou pwochen tanpèt yo paske li mande patenarya nan tout nivo gouvènman an pou akonpli yon travay konsa."

**Kòmandan Distri New York la, nan Kò Enjenyeri Lame Etazini an, Kolonèl Matthew Luzzatto, te deklare,** "Distri New York la kontan pou sipòte nouvo efò etid sa a pou Eta New York bay enfòmasyon ki nesesè pou asire rezidan Eta New York yo pare pou pwochen siklòn ak siklòn twopikal yo. Patenarya se faktè kle nan egzekite kalite gwo jefò sa yo epi mwen espere kontinye travay ak patnè nou yo nan Eta New York, ak FEMA pou rezoud kèk nan defi ki pi difisil nan rejyon an nan sa ki gen pou wè ak evakyasyon kont siklòn ak lòt evènman move tan defavorab yo."

**Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare,** "Nou konnen ke evènman metewolojik ekstrèm tankou siklòn yo ap vin pi fò, pi domajan, ak pi souvan. Pandan chanjman klimatik la ap avanse, konnen ki kote zòn ki gen pi gwo risk pou inondasyon ak domaj yo ye, sa pral ede nou prepare epi reponn pandan ijans alavni yo epi kontinye bati sou investisman administrasyon sa a nan preparasyon pou ijans. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li te lanse etid sa a ki pral ede pwoteje Vil New York nan ane k ap vini yo."

**Chèf Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone, te deklare,** "Antanke yon Zile, dlo enpòtan anpil nan estil lavi nou epi nouvo reyalite move tan ki ap ogmante sa a, nou pa ka fè konplezans ke ansyen fason pou nou abòde tanpèt yo ase. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul pou efò kontinyèl li pou asire ke rezidan Long Island yo an sekirite epi yo pare pa pou yon kesyon si, men lè yon lòt tanpèt danjere frape."

**Egzekitif Konte Nassau a Bruce Blakeman te deklare,** "Konte Nassau ap travay ak Gouvènè Hochul pou asire nou pare pou nenpòt ijans ki gen ladan siklòn, tanpèt nèj ak lòt danje potansyèl pou sekirite piblik la."

**Kad Egzekitif Konte Westchester, George Latimer, te deklare,** "Pandan n ap prepare pou sezon siklòn k ap vini an, nou dwe rete vijilan ak pwo-aktif nan efò nou pou kenbe kominote nou yo an sekirite. Nouvo Etid Evakyasyon kont Siklòn sa a pral ba nou konesans enpòtan ak resous ki nesèsè pou amelyore repons ak efò planifikasyon nou yo nan ka ta gen yon tanpèt katastwofik. Nou pran angajman pou asire sekirite tout rezidan Westchester yo kont enpak move tan yo epi nou remèsye eta a pou travay dilijan yo fè."

**Konsènan Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la** Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans lan ofri direksyon, kowòdinasyon ak soutyen nan efò y ap fè pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi rekipere apre atak teworis, katastwòf natirèl, menas, ensandi ak lòt ijans. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite paj Facebook la, swiv @NYSDHSES sou Twitter, oswa vizite [dhses.ny.gov](http://dhses.ny.gov).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)